## III ТЕМА

# Мүддетинен алдын даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм өткериў

1. Референдум өткериўши участка комиссиялары жайласқан имарат ҳәм ханаларды үскенелеў

2. Референдумда даўыс бериўши пуқараларды мүддетинен алдын даўыс бериў орны ҳәм ўақты ҳаққында хабардар қылыў

3. Даўыс бериў бюллетенлерин алыў, рәсмийлестириў ҳәм сақлаў

4. Мүддетинен алдын даўыс бериў талапларына әмел қылған халда даўыс бериў процессин өткериў

5. Мүддетинен алдын даўыс берген пуқаралар есабатын жүритиў, улыўмаластырыў ҳәм усыныў

## 1. Референдум өткериўши участка комиссиялары жайласқан имарат ҳәм ханаларды үскенелеў

Референдум участкаларында даўыс бериўди шөлкемлестириў ҳәм оны өткериў ушын зәрүр болған имаратлар ҳәм үскенелерди мәмлекет органлары, кәрханалар, мекемелер, шөлкемлер участка комиссиялары ықтиярына бийпул берип турады.

Лазым болған дәрежеде **үскенеленген даўыс бериў ханалары** район ҳәм қала Ҳәкимликлери тәрепинен участка комиссияларына референдум өткерилетуғын күннен **кеминде 11 күн алдын усынылыўы керек.**



Неге? Себеби, Өзбекстан Республикасының «Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы нызамның 35[1]-статьясында:

«Мүддетинен алдын даўыс бериў референдумға он күн қалғанында басланады ҳәм референдумға үш күн қалғанында

тамамланады. Мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленеди ҳәм пуқаралардың, гүзетиўшилердиң итибарына ғалаба хабар қураллары арқалы жеткериледи», деп белгиленген. Демек, мүддетинен алдын даўыс бериў референдумға он күн қалғанында басланыўын инабатқа алып, даўыс бериў ханалары район ҳәм қала ҳәкимликлери тәрепинен участка комиссияларына референдум өткерилетуғын күннен кеминде 11 күн алдын берилиўи керек.



Өз нәўбетинде, референдум өткериўши участка комиссиялары жайласқан имаратлар белгиленген тәризде үскенелениўи ҳәм төмендегилерге ийе болыўы керек:

– Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик байрағы (имараттың үстинде ҳәм ишинде);
– Өзбекстан Республикасының Мәмлекетлик герби (имараттың ишинде);
– референдум участкасының тәртип номери көрсетилген тахтасы;
– жақты ҳәм кең даўыс бериў ханасы;
– қулыпланатуғын сейф яки металл шкаф;
– жазыў буйымлары менен тәмийинленген жасырын даўыс бериў кабиналары (1000 адамға шекем даўыс бериўши

пуқара ушын keминде 2, 2000 адамға шекем даўыс бериўши пуқара ушын keминде 3, 3000 адамға шекем даўыс бериўши пуқара ушын keминде 4);

– физикалық имканияты шекленген шахслар ушын мөлжеллеңен жасырын даўыс бериў кабиналары;

– стационар даўыс бериў қутысы;

– көшпели даўыс бериў қутысы;

– пластмассалы пломбалар (улыўма 7 дана, соннан, 3 стационар даўыс бериў қутысы ушын, 1 көшпели даўыс бериў қутысы ушын, 1 қап ушын, 2 резерв ушын);

– участка комиссиясының мөриси;

– зәрүр мебеллер, оргтехника қураллары (компьютер, принтер, сканер, нусқа көшириўши үскене, UPS), телефон, телевизор;

– екеўден кем болмаған СПБМС талапларына жуўап бериўши компьютер ҳәм оларға керекли болған үскенелер (UPS, принтер, сканер ҳәм басқалар) ҳәмде үзликсиз Интернет байланысы;

– гүзетиўшилер ушын айрықша орынлар;

– өртке қарсы қураллар.



## ЯДТА ТУТЫҢ!

***Участка комиссиясы жайласқан имарат ҳәм оған алып барыўшы жоллар таза ҳәм оңланған, жарытыў үскенелери орнатылған болыўы керек.***

Сондай-ақ, участка комиссиясы жайласқан имаратта референдумға таярлық көриў ҳәм оны өткериўге тийисли стендлер болыўы лазым.

Даўыс бериў имаратында яки тиккелей оның алдында участка комиссиясы стенд үскенелейди, оған даўыс бериў бюллетениниң үлгиси ҳәм оны толтырыў тәртиби жайластырылады, егер референдумға нызам жойбары қойылған болса, стендке усы жойбардың тексти де жайластырылады.




Даўыс бериў ханасына алып барыўшы жолларда 1-қосымшада белгиленген формадағы көрсеткишлер көринетуғын жерлерге жайластырылыўы керек.

Участка комиссиясы имараты тахтасына 2-қосымшада белгиленген формада референдум участкасы тәртип номери жазылған тахта орнатылады, имаратқа кириў жеринде нагиранлар арбашасына масластырылған пандуслар болыўы ҳәм олардың белгиленген талапларға (ени кеминде 90 сантиметр, шығыў мүйеши 30° дан көп болмаған) мас келиўи лазым.




## 2. Референдумда даўыс бериўши пуқараларды мүддетинен алдын даўыс бериў орны ҳәм ўақты ҳаққында хабардар қылыў

Референдум күни өз жасаў орнында болыў имканиятына ийе болмаған даўыс бериўши пуқара мүддетинен алдын даўыс бериў ҳуқықына ийе.

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Мүддетинен алдын даўыс бериў референдумға он күн қалғанында басланады ҳәм референдумға үш күн қалғанында тамамланады.***

Мүддетинен алдын даўыс бериўди өткериў ўақты Орайлық сайлаў комиссиясы тәрепинен белгиленеди ҳәм даўыс бериўши пуқаралардың, гүзетиўшилердиң, кең жәмәәтшиликтиң итибарына ғалаба хабар құраллары арқалы жеткериледи.

Сондай-ақ, даўыс бериўши пуқаралар дизимин анықластырыў жумыслары алып барылып атырған ўақытта пуқараларға мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырыў имканияты ҳәм басқа ҳуқықлары түсиндириледи.




## 3. Даўыс бериў бюллетенлерин алыў, рәсмийлестириў ҳәм сақлаў

Участка комиссиялары референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар улыўма санының 5 пайыз муғдарында бюллетенлерди ҳәмде конвертлерди округ комиссиясынан мүддетинен алдын даўыс бериў басланыўына keминде үш күн қалғанында алады.

Мәселен: белгили референдум участкасында даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилгенлер саны 2000 адам болса, демек усы референдум өткериўши участка комиссиясы 2000 х 5 пайыз 100 дана даўыс бериў бюллетенлерин алады. Усыдан кейин, референдумда даўыс бериў күнине 10 күн қалғанынан баслап орнатылған тәртипте мүддетинен алдын даўыс бериў процессин шөлкемлестиреди ҳәм өткереди.



Референдум күнине үш күн қалғанында болса, қалған даўыс бериў бюллетенлерин, яғный 95,5 пайыз муғдарындағы даўыс бериў бюллетенлерди округ комиссиясынан алады. Себеби, «Өзбекстан Республикасының референдуми ҳаққында»ғы Нызамның 30-статьясына муўапық — референдум өткериўши участка комиссиясы алатуғын даўыс бериў бюллетеньлериниң саны участка бойынша дизимлерге киритилген пуқаралар санының ярым пайызынан көп болыўы мүмкин емес.

Усы статья талабына муўапық, участка комиссиясы округ комиссиясынан, жәми болып, усы референдум участкасындағы даўыс бериўши пуқаралар дизимине киритилген пуқаралар улыўма санының 100,5 пайызы муғдарында даўыс бериў бюллетенлерин алыўы лазым.

Жоқарыда белгиленип өткенимиздей, мүддетинен алдын даўыс бериўден keminde үш күн алдын участка комиссиясы округ комиссиясынан 5 пайыз муғдарындағы, тийкарғы даўыс бериў күни, яғный референдум күнинен keminde үш күн алдын болса 95,5 пайыз муғдарындағы даўыс бериў бюллетенлерин алады.



## 4. Мүддетинен алдын даўыс бериў талапларына әмел қылған халда даўыс бериў процессин өткериў

Мүддетинен алдын даўыс бериўди әмелге асырыў ушын даўыс бериўши пуқара референдум күнинде бола алмаслығының себеплери (дем алыс, хызмет сапары, шет елге шығыў ҳәм басқалар) көрсетилген арза тийкарында тийисли участка комиссиясынан бюллетень ҳәм конвертти алады.

**ЯДТА ТУТЫҢ!**

***Участка комиссиясы даўыс бериўши пуқарадан референдум күнинде бола алмаслығының себеплерин тастыйықлаўшы қосымша ҳүжжетлерди талап қылыўы қадаған етиледи.***

Даўыс бериўши пуқара бюллетенди алғанлығы ҳаққында тийисли участка комиссиясының кеминде еки ағзасы қатнасында 3-қосымшаға муўапық формадағы даўыс бериўши пуқаралар дизими көширмесине имза қояды.

**ЯДТА ТУТЫҢ!**

***Усы дизимге даўыс бериўши пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматлар жазыў ручкасы арқалы киритилиўи мүмкин.***

**ЯДТА ТУТЫҢ!**

***Участка комиссиясы ағзасы мүддетинен алдын даўыс берген даўыс бериўши пуқараны СПБМС дағы даўыс бериўши пуқаралар дизиминде мүддетинен алдын даўыс берген пуқара сапасында белгилеўи шәрт.***

Бюллетень арнаўлы үскенеленген жасырын даўыс бериў кабинасында яки ханасында даўыс бериўши пуқара тәрепинен ғәрезсиз қарар қабыл қылыўы арқалы толтырылады.

Пуқара өзи даўыс берип атырған вариант туўрысында, оң тәрепте жайласқан бос квадратқа «+» яки «✓» ямаса «х» белгисин қояды.

Даўыс бериўши пуқара толтырылған бюллетенди конвертке салады ҳәм желимлеп жабады.

Даўыс бериўши пуқара толтырылған бюллетенди жабық конвертте участка комиссиясы ағзасына тапсырады.

Участка комиссиясының ағзасы даўыс бериўши пуқара қатнасында конверттиң жабықлығын тексереди ҳәм конверттиң желимленген жерине участка комиссиясының еки ағзасының имзалары қойылып, олар комиссияның мөриси менен тастыйықланады.

Конверт референдум күни даўыс бериў процесси жумақланыўына дейин участка комиссиясының сейфинде сақланады.

## 5. Мүддетинен алдын даўыс берген пуқаралар есабын жүритиў, улыўмаластырыў ҳәм усыныў

Участка комиссиясы ағзасы мүддетинен алдын даўыс берген даўыс бериўши пуқараны СПБМС дағы даўыс бериўши пуқаралар дизиминде мүддетинен алдын даўыс берген пуқара сапасында белгилеўди әмелге асырып келеди.

Даўыс бериўши пуқаралардың дизимлерине өзгерислер киритиў референдумға 5 күн қалғанында тоқтатылады.

Участка комиссиясы хаткери референдумға 3 күн қалғанында өз аймағындағы даўыс бериўши пуқаралардың акырғы дизимлерин СПБМС дан жүклеп алады, басып шығарады ҳәм участка комиссиясы баслығына усынады.

***ЯДТА ТУТЫҢ!***

***Усы дизимде айтып өтилген референдум участкасы бойынша мүддетинен алдын даўыс берген пуқаралардың Ф.А.Ә. алдына «мүддетинен алдын даўыс берди» жазыўы турған болыўы ҳәм таблицаның «Жәми» бөлиминде «мүддетинен алдын _____- пуқара даўыс берди» улыўма мүддеттен алдын даўыс бергенлер саны болыўы лазым.***

1-ҚОСЫМША

**Референдум участкасы көрсеткиши**




2-ҚОСЫМША

**Референдум участкасы тахтасы**



3-ҚОСЫМША

## ӨЗБЕКСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ РЕФЕРЕНДУМИ
## ДАЎЫС БЕРИЎШИЛЕР ДИЗИМИНЕН КӨШИРМЕ

*(мүддетинен алдын даўыс бергенлер бойынша)*

__________________ - референдум округи

20__ ж. «___» __________________
*(референдум сәнеси)*

**РЕФЕРЕНДУМ УЧАСТКАСЫ** ________________

*(референдум участкасы жайласқан жер – аўыл, қалаша, қала, район, ўәлаят, әскерий бөлим)*

| Т/н | Фамилиясы, аты, әкесиниң аты | Туўылған жыли, айы, күни* | Турар жери | Даўыс бериўшиниң референдум бюллетенин алғанлығы ҳаққындағы имзасы |
|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

**) Референдум күни 18 жасқа толған даўыс бериўши пуқараның туўылған күни ҳәм айы көрсетилсин.*

**Түсиндирме!** Усы дизимге даўыс бериўши пуқаралар ҳаққындағы мағлыўматлар жазыў ручкасы арқалы киритилиўи мүмкин.